

LALWA BAKER ACT

VI JENERAL

Ak Lasante Mantal Florid la (The Baker Act) ankouraje moun ki nan bezwen aplike volontèman pou jwenn sèvis lasante mantal, pou chwazi kalite tretman yo resevwa, epi pou sispann resevwa sèvis nenpòt lè yo vle. Lalwa Florid rekonèt tou ke kèk moun ki soufri maladi mantal ka bezwen ospitalize envelopontèman epi, si yo pa konpetan ase pou yo pran desizyon pou tretman yomenm, yo ka nonmen yon moun pou pran desizyon pou yo. Sonje tou silvouplè ke nan lalwa Baker Act la yo pa itilize tèm komen “angajman” pou detansyon ak swen envelopontè, nan Lalwa Florid yo itilize tèm “plasman envelopontè”.

Lalwa Baker Act la ekspose brèvman yon deklarasyon dwa pou moun ki genyen maladi mantal. Li bay tou yon sistèm dwa a tretman ekitab legal pou moun ki resevwa sèvis nan yon etablisman lasante mantal deziye. Kòm Avoka Gadyen, premye okipasyon w se pou pwomouvwa dwa sivil ak legal moun ke yo nonmen w pou pwoteje a. Yo prezante dwa sa yo koulye a pou fòme yon sòt de chapant pou rès fòmasyon ki nan manyèl sa a.

Dwa sa yo enkli, men yo pa limite a sa yo ki site a:

1. Dwa a divite endividylè, ikonpri respè, libète mouvman, pwoteksyon kont abi oswa neglijans, yon anviwònman ki pa kriyèl, vi prive, aksè a konsèy legal, epi dwa pou yo pa itilize pwosedi ak aparèy sou ou ki gen rapò ak kriminèl.
2. Dwa a bon jan kalite tretman ak reyadaptasyon nan yon kad ki pa restriktif, ikonpri yon egzamen medikal a lè, entèprèt lè sa nesesè, yon plan tretman endividyalize, ak abilite pou patisipe nan aktivite ki kreye pou amelyore rezulta tretman an. Sa enkli dwa pou chèche tretman nan men pwofesyonèl oswa ajans ke moun nan chwazi apre l finn egzeyate. Moun nan genyen dwa tou pou yo pa mete l nan kontrent, solitid oswa izolasyon eksepte nan sèten sitiyasyon.
3. Dwa pou bay, refize, oswa revoke konsantman eksplisit e eklere pou tretman lasante mantal.
4. Dwa a konfidansyalite amwenske malad la oswa Avoka Gadyen li renonse a dwa sa a oswa lè li genyen entansyon fè tò a lòt moun.
5. Dwa pou li kominike libreman e an prive ak lòt moun an pèsòn, nan lèt oswa pa telefòn, epi pou resevwa vizitè.
6. Dwa pou moun nan mete pwòp rad li epi pou li posede pwòp efè pèsonèl li amwenske sa danje.

7. Dwa pou fè yon demann pou **Prezante an Pèsòn** si yo nye li yon dwa oswa yo kenbe li yon fason enkonvenab.
8. Tout lòt dwa legal ak konstitisyonèl federal ak leta amwenske tribunal la limite yo espesifikman.

Yon “etablisman dakèy” se pwen resepsyón santral pou moun ki sanble yo bezwen swen lasante mantal dijans. Etablisman dakèy la dwe asire ke moun yo resevwa sèvis apwopriye ki genyen mwens kontrent.

Moun ki genyen twoub emosyonèl ka vini volontèman nan yon etablisman dakèy pou egzamen epi/oswa tretman, oswa yo ka entène l pou yon egzamen envelopontè si yon tribunal, yon ofisyè ki chaje pou fè aplike lalwa, oswa yon pwofesyonèl lasante mantal yo deziye detèmine ke moun sa a reponn a sèten kritè. Si moun lan entène pou egzamen envelopontè, yo dwe egzamine li san delè pou detèmine bezwen li pou sèvis lasante mantal. Nan yon delè de 72 èdtan, youn nan bagay sa yo dwe rive:

1. Moun lan dwe egzeyate, oswa
2. Moun lan ka vin gen estati volontè si li konpetan epi li dakò pou kontinye tretman an, oswa
3. Etablisman an ka fè yon demann nan tribunal avèk deklarasyon de (2) sikyat (yo bay eksepsyon pou konte riral ki piti yo) ki sètifye ke moun lan reponn a kritè pou plasman envelopontè.

Si yon demann konsa fèt, moun lan pral genyen yon avoka ki nonmen pou li, li pral elijib pou yon egzamen endependan epi genyen yon odyans nan tribunal. Epitou yo pral bay malad la oswa reprezantan legal li yo avi aksyon etablisman an ansanm ak dwa legal malad la. Se sèlman atravè pwosedi sa a ke yo ka plase yon moun envelopontèman nan yon etablisman pou yon peryòd jiska si (6) mwa. Si plasman envelopontè nesesè aprè peryòd sa a, administratè etablisman tretman an pral fè demann pou yon odyans administratif pou li mande yon lòt si (6) mwa.

Nenpòt moman ke yo jwenn ke yon moun pa reponn a kritè pou plasman envelopontè ankò, etablisman an dwe swa egzeyate moun lan oswa transfere li nan estati volontè. Nan toulède ka yo, Avoka Gadyen an pral sispann ranpli wòl li.